*Е 19-нэ л1эщ1ыгъуэм псэуа адыэ щ1эныгъэл1*

- *«Шорэ - Бек-мурзин хуэдэу щ1эныгъэр ф1ыуэ илъагъуу,*
- *абы къигъэлъагъуэ щапхъэм нэзыгъэсын адыгэл1 зы зэман къэхъунк1э хъунущ».*

# Нэгумэ Шорэ илъэс 220 мэхъу



Ш. Б. Ногмов. Художник И. В. Балицкий. 1950-е годы.

- Адыгэ щ1эныгъэмрэ литературэмрэ я къежьап1эр Нэгумэ Шорэщ. Нэгумэ Ш. адыгэ культурэмрэ тхыдэмрэ увып1эшхуэ щеубыд. Адыгэ щ1эныгъэ куэдым и зэхэублак1уэщ ар. А щ1эныгъэл1 гъуэзэджэрщ, япэ адыгэ узэщ1ак1уэ ц1эры1уэрщ къыдалъхуахэр зыхэт к1ыф1ыгъэм къыхэшын, ахэр щ1эныгъэм и гъуэгу нэхум тегъэувэн зэрыхуейр къызыгуры1уар, лъэпкъ тхыбзэ, абы и алыфбей зэхэзылъхьар, адыгэ тхыдэр зэф1эзыгъэувэжа, лъэпкъ 1уэры1уатэр зыф1э1уэхуу зэхуэзыхьэсыжар. Шорэ 1840 гъ. алфавит зэхилъхьащ, урыс хьэрфхэр къигъэсэбэпурэ. И алфавитымк1э Шорэ итхыжащ адыгэ уэрэдыжьхэу 1уэры1уатэм щыщ хъыбархэу зыбжанэ, адыгэбзэм и грамматикэр. Нэгумэм и пщ1эр зы1этыр зыгъэлъагэр лъэпкъ культурэм щ1ып1э нэхъ ин абы и ц1эм щ1ыщиубыдар, ар щ1эныгъэл1у зэрыщытам и закъуэкъым. И ныбжьэгъухэм къызэра1уэтэжымк1э ар усак1уэуи щыташ. Аращ лъэпкъ литературэм и тхыдэм елэжьхэм зэдэарэзыуэ адыгэ литературэм и щ1эдзап1эу ар щ1абжыр, абы и лъабжьэгъэт1ылъу къыщ1алъытэр

•Нэгумэ Шорэ и «Адыгэ  лъэпкъым и тхыдэр» Тифлис 1861 гъэм къыщыдэкІауэ щытащ. АбыкІэ фІыщІэр зыбгъэдэлъыр нэмыцэ щІэныгъэлІ Берже Адольфщ. Илъэситху дэкІри, 1866 гъэм, Нэгумэм и «Тхыдэр» Лейпциг (Германием) дунейм къыщытехьащ, Берже езым и пэублэ псалъэрэ и хэзыгъэгъуазэрэ щІигъуауэ. А гъэм щыщІэдзауэ Европэми цІэрыІуэ щыхъуащ адыгэ щІэныгъэлІым и «Тхыдэр». «Шэрджэс лъэпкъым и хъыбархэмрэ и уэрэдхэмрэ» (Die Sagen und Lieder des Tscherkessenvolks) – апхуэдэцІэ фІищащ Берже Шорэ и «Тхыдэм». Берже зэритхымкІэ, езы Нэгумэм и «Тхыдэм» фІищауэ щытар апхуэдэцІэщ, ар нэмыцэбзэкІэ щызэридзэкІым щІэныгъэлІым а цІэр къызэтринащ.



• Нэгумэ Шорэ и тхыдэр нэмыцэбзэкIэ зэридзэкIри, Берже Адольф ди лъэпкъыр Европэм нэхъри цIэрыIуэ щищIащ – апхуэдэ фIыщIэ бгъэдэлъщ нэмыцэ щIэныгъэлIым.



Die Sagen und Lieder

Tscherkessen-Volks,

Adolf Bergé,

Leipzig

# НЭГУМЭ ШОРЭ

Адыгэбзэм и тхыдэм зи гуащIэ хэзылъхьахэм ящыщщ Нэгумэ Шорэ, Хъанджэрий СулътIан, Бырсей Умар, П.К. Услар, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Л.Г. Лопатинский, Фэнзий Мэжид, ЦIагъуэ Нурий,ЩэрэлIокъуэ Тэлъостэн, Хъуран Батий сымэ.



Нэгумэ Шорэрэ Пушкин Александррэ



# Нэгумэм и тхыгъэхэр

- Лъэпкъым и тхыдэ «Ижь зэманым адыгэхэм я псэукIар»
- «Хъуэхъу» усэ,
- “Адыгэ народым и тхыдэр”,
- “Къэбэрдей грамматикэм и пэщIэдзэ хабзэхэр”,
- “Къэбэрдей-урыс псалъалъэр”,
- «Инал и лIыхъужьагъыр» хъыбар